ISSN-2091-508X

Өзбекстан Республикасы Илимлер
Академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң

# ХАБАРШЫСЫ
# ВЕСТНИК

Каракалпакского отделения
Академии наук Республики Узбекистан

4

Нөкис 2010 Нукус

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫ
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БӨЛИМИНИҢ

# ХАБАРШЫСЫ

ЖУРНАЛ 1960 ЖЫЛДАН БАСЛАП ШЫҒЫП АТЫР

# ВЕСТНИК

КАРАКАЛПАКСКОГО ОТДЕЛЕНИЯ
АКАДЕМИИ НАУК
РЕСПУБЛИКИ УЗБЕКИСТАН

ЖУРНАЛ ИЗДАЕТСЯ С 1960 ГОДА

**№ 4**
**(221)**

Нукус – „Илим"-2010

Учредитель и издатель: Каракалпакское отделение Академии наук Республики Узбекистан

Главный редактор д.э.н. **Н.К. АИМБЕТОВ**

**РЕДАКЦИОННАЯ КОЛЛЕГИЯ**

**АЛЬНИЯЗОВ А.И.**, кандидат филологических наук; **АТАНИЯЗОВА О.А.**, доктор медицинских наук; **БАЗАРБАЕВ Ж.**, академик АН РУ, доктор философских наук; **БАХАДЫРОВА С.**, доктор филологических наук; **БАХИЕВ А.**, академик АН РУ, доктор биологических наук; **ДАУЛЕТОВ А.**, академик АН РУ, доктор филологических наук; **КАРЛЫБАЕВ М.**, кандидат исторических наук; **КОНСТАНТИНОВА Л.Г.**, доктор биологических наук; **НАРЫМБЕТОВ Б.**, кандидат физико-математических наук (заместитель главного редактора); **СЕЙТМУРАТОВ Е.**, доктор химических наук; **СЕМЕНОВ И.А.**, ответственный секретарь журнала; **ХАМИДОВ Х.**, академик АН РУ, доктор филологических наук; **ЯГОДИН В.Н.**, доктор исторических наук.

**Адрес редакции:** 230100, г. Нукус, проспект Бердаха, 41, тел.: **222-98-94.**
**http://www.aknuk.uzsci.net/vestnik.htm**
Зав. редакцией **Г.Ж. Шерниязова.**
Набор и корректура: **В. Султангулова, Г. Шерниязова.**
Компьютерная верстка: **В.А. Статов.**

Сдано в набор 28.10.2010. Подписано к печати 27.12.10. Формат бумаги 60x84⅛. Печ. л. 7. Тираж 400 экз. Заказ 10. Цена договорная. Каракалпакское отделение Академии наук Республики Узбекистан. Регистрационный номер 01-040.

***Отпечатано в отделе печати журнала "Вестник". Реестр №11-0874.***
**© Вестник Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан**

Содержание


90 лет журналу «Вестник» КО АН РУ ........................................ 5

## ЕСТЕСТВЕННЫЕ НАУКИ

**Математика и механика**

**Атаджанов Х.Л., Атаджанов Б.Х.** – Приложения для аппроксимации функциональных и корреляционных связей с помощью полинома ........................................ 6

**Химия, химическая технология и фармацевтика**

**Бауатдинов С., Бауатдинов Т.С., Таджиев С.М., Алламбергенова Р.О., Торешова Н.М.** – Общая характеристика глауконитов Каракалпакстана и их применение ........................................ 10

**Бекбосынова А.М., Бердимбетова Г.Е., Наурызбаева З.Ш.** – Влияние «сахаролизина» на уровень сахара в крови в условиях эксперимента ........................................ 13

**Биоэкология и сельское хозяйство**

**Шаниязов У.Б., Мамбетуллаева С.М.** - Особенности воспроизводства двух видов песчанок с различной экологической специализацией ........................................ 15

**Ахметова Ф.И., Алламуратов Ш.И.** - Возрастная динамика дыхательной активности митохондрий печени и скелетных мышц норок и нутрий ........................................ 16

**Холбоев Ф.Р.** – Сезонная динамика численности зимующих и гнездящихся видов птиц городов Кызылкумского региона ........................................ 20

**Сапаров К.А.** – Гельминты верблюдов Кашкадарьинской области ........................................ 24

**Тошев У.Ж.** – Расшифровка жизненного цикла цестоды *Diplophilidium noelleri* ........................................ 26

**Ли Т.П., Константинова Л.Г., Атаназаров К.М., Бекбергенова З.О.** – Термиты и их симбионты – микроорганизмы ........................................ 27

**Медетов М.Ж., Нуржанов А.А., Хамраев А.Ш.** – Фауна и экология прямокрылых и насекомых Бадайтугайского заповедника ........................................ 30

**Казаков И., Абубакирова М.И., Умркулова С.Х., Мирзаева А.У.** - Состав и токсичность ядов клещей семейства *Argasidae* и *Ixodidae* ........................................ 33

**Бахиев А.Б., Трешкин С.Е., Мамутов Н.К.** – Геоботанические аспекты деградации и повышения продуктивности фитоценозов аридной зоны Южного Приаралья ........................................ 35

**Аймуратов Р.П., Утегенова А.** – Современное состояние растительного покрова Северо-западного Кызылкума ........................................ 38

**Сафаров А.К.**– Рост, развитие, продуктивность и биохимический состав топинамбура в условиях интродукции ........................................ 43

**Медицина**

**Ильясов А.С., Искендеров А.Т.** – Морфогенез лимфоидных образований прямой кишки крыс в постнатальном онтогенезе ........................................ 47

## ОБЩЕСТВЕННЫЕ НАУКИ

**Экономика**

**Гойибназаров Б.К., Мырзанов Б.Ж.** – Зарубежный опыт применения системы национальных счетов . 51

**Содиқов А.М., Азимов Ш.А.** – Минтақаларни барқарор ижтимоий–иқтисодий ривожлантириш стратегиялари ........................................ 56

**История, философия, правоведение, религия, социология и политология**

**Абидова З.К.** – Домусульманские элементы в культе святых Хорезма ........................................ 59

**Утамбетов Б., Бекимбетов Б.** - Социум: понятия й определения ........................................ 62

**Филология**

**Дәўлетов М.** – 1-декабрь - Мәмлекетлик тил қабыл етилген күн. "Мәмлекетлик тил ҳаққында" ғы нызаммиллий ана тилимиздиң сақланыў тийкары ........................................ 65

**Абдраманов Ҳ.** – Қыяс жыраў Қайратдиновтың «Үш насият» ертеги ҳаққында ........................................ 67

**Байниязов Қ.,** Байниязова Т. – Сөйле, ҳа, бүлбил зибаным… ........................................ 72

**Турдыбаев Қ.** - Автор позициясы ҳәм лирикалық қаҳарман образы ........................................ 76

**Абдалиева Г.Р.** - Сравнения как важный элемент художественной речи (на материале романа Т.Каипбергенова "Маман бий эпсанасы") ........................................ 80

**Джолдасова Г.Б.** – О соотношении грамматической и лексической валентности английского глагола .. 83

**Педагогика и психология**

**Юлдашева Г.** – Методические проблемы представления корпускулярно-волнового дуализма в преподавании квантовой механики ........................................ 86

**Раджабов Х.** - Методические аспекты использования на учебном занятии материалов, касающихся истории органической химии ........................................ 88

топламына (Нөкис. 1988. 114-116-бб.) дурыс енгизилген, деп есаплаймыз.

Әжинияз шайырдың көп ғана қосықлары қарақалпақ халық бақсылары тәрепинен сүйип атқарылып киятырғанлығы ҳәммемизге мәлим. Солардың бири - «Мухаллес» қосығы болып, Г.Компонейц оны Айтжан бақсыдан жазып алса, композитор В.Шафранников «Қарақалпақ халық қосықлары» китабында (Москва. Музгиз. 1959. с. 61) жәриялаған еди. А.Халимов нотаға түсирип, «Қарақалпақ халық намалары» атлы мийнетинде (Ташкент. 1959. 21-б.) қайтадан басып шығарады. Бул китапларда Әжинияз «Мухаллес» қосығының авторы ретинде көрсетилген еди.

Мен **(Б.Қ.)** немец илимпазы Карл Райхльди 1981-жылдан берли билемен. Ол Қарақалпақстанға биринши келгенинде: «Сиз араб алфавитиндеги нусқаларды оқый аласыз ба?» - деп сораған едим. Сонда Карл: «Бунысыз қалайынша тюрколог - илимпаз болыўым мүмкин?» – деп жуўап қайтарды. Сол ўақытта ол қарақалпақ тилин шала билетуғын еди. Бизлердиң жәрдемимиз бенен ол ана тилимизди үйренди ҳәм «Қарақалпақ халық ертеклери», «Алпамыс» дәстанын немец тилине, «Едиге» дәстанын инглиз тилине аўдарып, өз алдына китап сыпатында бастырды. Қарақалпақ әдебиятшы-илимпазларының көбиси араб алфавитиндеги қолжазба нусқалар менен ески китапларды оқып, араб ҳәм парсы тиллериндеги сөзлердиң мәнисин түсиндире алмайды. Усының салдарынан базы биреўлери: «Өткендеги тоталитар жәмийеттиң халыққа, халық тарийхына оның мәдений мийрасына ислеген қасақана зулымлықларынан Әжинияз, Бердақ ҳәм т.б. халық шайырларының қол жазбалары сақланып қалмады», - деп ойлап жүр (Пахратдинов Ә. Әжинияз ҳәм Бердақ шайырдың қолжазбасы неге жоқ. – Қарақалпақстан жаслары. 1996. 18-июль). Биз бундай пикирлерге қосылмаймыз. Өйткени тоталитарлық дүзим Әжинияз ҳәм Бердақлардың қолжазба нусқаларын биротала жоқ етип жибере алған жоқ. Олар халықтан жыйнап алынып, китап болып басылып шықты. Мәселен, академик Ҳ.Хамидов «Рукописное наследие Бердаха» (Бердақтың қолжазба мийрасы) деген атамада монография жазып, шайырдың «Хорезм», «Шежире» шығармаларының түп нусқасын араб алфавитинде, аўдармасын орыс тилинде, кирис ҳәм түсиник сөзлер менен қоса китап ретинде басып шығарды (Нөкис. 1995).

XX әсирдиң 30-40-жылларында Әжинияз шайырдың ақлық, шаўлықлары ахунның әўладлары сыпатында қуўдалаўға ушырап, өзлериниң атларын ҳәм миллетин өзгертип, айырымлары басқа журытларға кетиўге мәжбүр болды. Усындай себеплерге байланыслы Әжинияз шайырдың мийраслары Бердаққа қарағанда аз изертленди. Енди бизлер, қарақалпақ илимпазлары, ғәрезсизлик дәўириниң имканиятларынан пайдаланып, Әжинияз Қосыбай улының дөретиўшилик тулғасын ашып бериў арқалы, оның классикалық поэзиямызда тутқан орынын қайта тиклеўимиз тийис, деп есаплаймыз.

**Sound strong, my nightingale oration!**

**Bayniyazov K., Bayniyazova T.**
*Institute of language and literature, Karakalpakbranch, Uzbek Academy of Sciences, Nukus*

**SUMMARY**
The paper is dealing with classical Karakalpak poetry. First part of the study was published in the previous issue.

## АВТОР ПОЗИЦИЯСЫ ҲӘМ ЛИРИКАЛЫҚ ҚАҲАРМАН ОБРАЗЫ

**Қ.Турдыбаев**
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик унверситети, Нөкис қаласы*

**Резюме**
В статье исследуется проблема позиции автора и образа лирического героя на примере произведения Х.Даулетназарова. Автор, анализируя лирические произведения поэта периода независимости, делает ценные научно-теоретические выводы, что важно для дальнейшего исследования национальной поэзии этого периода.

Қарақалпақ халқының фольклоры менен классик әдебиятының ең тийкаргы миллий белгилериниң бири - олардағы реализмниң жүдә тереңлигинде болып табылады [1]. Аўызеки әдебияттың майда жанрларынан баслап тап қаҳарманлық эпоска шекемги аралықтағы жанрлар системасына кирстуғын барлық дөретпелер өнериниң турмысқа жақынлығы менен айырылып турады. Оларда ел дәрти, халық күйиниш-сүйиниши, арзыў—әрманлары терең түрде жырланған. Буны аўызеки әдебиятты изертлеген көплеген алымлар да тастыйқлайды [2]. Аўызеки әдебияттағы бул ағла дәстүр XIV-XVIII әсирлердеги жыраў-шайырлар дөретиўшилигинде, XIX әсирдеги Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш, Омар ҳәм тағы басқалардың шығармаларында да сол дәўир талабына сай түрде даўам еттирилгенлигин көремиз. Әжинияз бабамыз қәлемине тийисли «Бас кетсе де туўры жолдан қайтпаған» деген қатарды XVIII-XIX әсир қарақалпақ поэзиясына эпиграф етип алыўға болады. XX әсир қарақалпақ поэзиясы ўәкиллери

әсиресе, А.Муўсаев, С.Мәжитов, А.Дабылов, С.Нурымбетов, И.Юсупов, Ш.Сейтов ҳәм тағы басқалар Шығыс ҳәм Батыс поэзиясындағы реалистлик дәстүрлерди ылайықлы түрде даўам еттирди.

Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ лирикасының белгили ўәкиллери болған И.Юсупов, Ш.Сейтов, К.Рахманов, Т.Сәрсенбаев, К.Каримов, Ж.Избасқанов, Х.Дәўлетназаров ҳәм тағы басқалардың дөретиўшилигинде де ел, халық дәрти менен күйип-жанып жүрген лирикалық қаҳарман образы шебер түрде жасалды. Бул дәўирдеги лирикалык қаҳарман тынышсызлығы, белсендилиги, ойшаңлығы, ҳақыйқатгөйлиги, кеўлиндеги пикирди туўрыдан туўры айтыўшылығы менен айырылып турады. Бул ҳаққында айырым пикирлер де жарық көрди [3]. Деген менен бул дәўир лирикасындағы лирикалық қаҳарман образының жасалыў өзгешелиги, автор позициясын оқыўшыға жеткериўдеги оның әҳмийети еле арнаўлы изертленген жоқ. Сонлықтан да биз бул машқаланы белгили шайыр Х.Дәўлетназаров лирикасы мысалында изертлегенди мақул көрдик.

Х.Дәўлетназаров ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ поэзиясын идеялық-тематикалық, жанрлық-стильлик, көркемлик көзқарастан раўажландырыўға елеўли үлес қосты. Оның усы ўақытқа шекем «Хат» (1980), «Сен маған керексең» (1986), «Сен жақсы қызсаң» (1989), «Ашық болмаған ким бар» (1991), «Хош қал, жаслығым!» (1993), «Әлўидаға, муҳаббат, хош қал, жаслығым» (1994) атлы бир неше поэзиялық топламлары жарық көрди. Оның «Анама хат», «Ийесиз журт», «Бүлбил пығаны», «Қарақалпақ баязы», «Әлўидаға, муҳаббат, хош қал, жаслығым» ҳәм т.б. поэмалары миллий эпикалық поэзиямыздың раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе болды. Сонлықтан да шайырдың улыўма дөретиўшилиги соңғы жыллардағы гейпара изертлеўлер менен әдебий сында унамлы түрде баҳаланбақта [4]. Биз бул мақаламызда оның қосықларындағы лирикалық қаҳарман образының өзгешелигине тоқтап өтемиз.

Х.Дәўлетназаровтың көплеген лирикалық қосықлары көпшиликтиң дийдинен шығып, олар әсиресе, жасларымыздың жүрек дүрсилин тереңнен ашып бериўи, патриотлық туйғыларының басымлығы, дәўир қарама-қарсылықларын анық ҳәм өткир түрде ортаға таслай алыўы менен жәмийетшиликтиң дыққатына еристи. Шайырдың көплеген қосықлары руўхына сай жазылған нама менен шебер түрде атқарылып, халық арасына терең сиңисип кеткен десек асыра силтеген болмаймыз.

Шайыр ең алды менен басқа да прогрессив сөз шеберлери сыяқлы өз халқының ағла пазыйлетлерин мақтаныш етиўди, оның дәрти менен жасап қәлем тербетиўди абзал көреди. Усындай көзқарастан оның «Бүлбил гүлдиң, ерлер елдиң дәртинде», «Қарақалпақстан», «Халық халықлығын етпеги керек», «Ғайры журтлардағы қарақалпақларға», «Халық ушын перзентлер туўмақ керекдур», «Дүнья жүзи қарақалпақларына», «Тарийхшыларға», «Наўрыз сейили» ҳәм т.б. қосықларында миллий мақтаныш сезимлери, гейпара шешилиўи тийис болған актуаль машқалалар, беккем аўызбиршилик, түсиниклик, терең ақыл - парасат, патриотлық сезимлер жөниндеги ойлар ортаға тасланады. Шайыр оларды жүдә тәсиршең поэтикалық қатарлар арқалы береди. Халқымыз бенен миллетимиздиң санасының өсиўи өзин-өзи аңлаўы мәселелерин дәслепкилерден болып алға сүреди.

Қараңыз:

Дәрьяға-тасқынлық, көлге-тынықлық,
Қызлар минезине көрикдур сынықлық,
Ким дүлдүл, ким ябы … излер минислик,
Бүлбил пыған шегер гүлдиң дәртинде.
Бул дүньяда не көп, тәшўиш көп, дәрт көп,
Жутылған ләбиз көп, бузылған шәрт көп.
Дәрт пенен дәртте де жер - көктей парқ көп,
Нағыз мәртлер жанар елдиң дәртинде [5].

Шайыр усылайынша ҳәр бир ел перзентиниң өз халқы ушын күйип-жаныўы кереклиги идеясын жоқарыдағыдай бир неше тәсирли салыстырыўлар арқалы сүўретлеп берген. Сөз шебериниң бундай салыстырыўлары өз миллий колорити менен де дыққатты қаратады. Усы қәсийетлери менен олар тәсирли болып келеди. Мысалы, усындай колоритлик Х.Дәўлетназаровтың және бир «Наўрыз сейили» қосығының мынадай қатарларында жүдә айқынластырып жеткерилген:

Арғымақ атларды ертлең қайтадан,
Жыраўлар қобызын алсын қолына,
Гүлмыйық арбалар шан-шәўкет пенен,
Кәрўан тартып шықсын бахыт жолына.
Бүгин нәўбәҳәрдиң әжеп әййамы,
Бүгин-Наўрыз ақшамы, Наўрыз таңы!
Жорғалар жулдыздай ақсын сызылып,
Бақсылар бәленттен алсын намасын.
Қурлар кең ашылып палўанлар ушын,
Қошқарлар тасласып көрсин шамасын.
Журтымның улассын тойға тойлары,
Ҳәр кеўилде байрам-Наўрыз ойлары [5, 96].

Бул, ҳақыйқатында, демократия ҳәм жәриялылық, ғәрезсизлик жыллары қолға киргизилип, турмысымызға кең ендирилип атырған жаңалықлардан, халқымыздың өзин-өзи миллет сыпатында таныўынан туўылған поэтикалық пикирлер болып есапланады. Демек, шайырдың миллий ғәрезсизликтиң табысларын дәслепкилерден болып көре алғанлығы, олардан алған қанаатланыўшылық сезимлерин ақ қағаз бетлерине үлкен ықлас пенен түсире билгенлиги жас әўладларымыздың тәлим-тәрбиясы ушын үлкен әҳмийетке ийе. Буның үстине шайыр бундай жаңалықларды шаўқым - сүренли, сиясий - публицистикалық мазмундағы сөзлер менен емес, ал, көркем образлылығы жоқары қатарлар менен, жетилискен поэтикалық усылларда сүўретлеўге ҳәрекет етиўи дыққатқа ылайық.

Мысалы:

Қыз - келинлер көрки - бәхәрге үлги,
Сулыўлық дүньясын безер жасаньш.
Жаўлығының ушын ернине қымып,
Кемпирлер емиренер көзге жас алып…[5, 101.].

Мине, бундай қатарларда жеңил уйқастан, социологиялық жүзеки мазмуннан гөре, улыўма инсаныйлық ой-пикирлер менен адамгершиликли ой сезимлердиң сәўлелениўине үлкен итибар бергенлиги айқын көзге тасланады. Буның үстине олар терең ойлылығы, образларының тереңлилиги, поэтикалық шеберлиги хәм социаль-жәмийетлик сыпатының тәкирарланбаслығы менен де әхмийетли. Шайырдың усындай пикирлери ең алды менен өз ели, өз жери, өз халқының қуўанышы менен уласып кетеди:

Мысалы:

Әўладбыз халық ушын хызметке таяр,
Туўған жердиң даңқын жәхәнге жаяр.
Қуллық деп қос қолын көксине қояр,
Улы-қызың пәрмана, Қарақалпақстан!

Әрманы-үмитли алтын өрмекли,
Инсаный дүньяда елсең көрнекли.
Туўры сөз, пәк жанлы, жолы өрнекли,
Дослыққа дәрмана Қарақалпақстан! [5, 86].

Бул қатарлар лирик қаҳарманның жүрегиндеги жанып турған патриотлық сезимлер себепли туўылғанлығы белгили болып тур.

Шайыр усындай мақтаныш сезимлери менен қатар, өз халқы турмысындағы айырым өткир машқалалар ҳаққында сөз етеди, пүткил жер жүзи қарақалпақларын бирлестирип, олар арасындағы тарийхый хәм туўысқанлық қатнасларды, аўызбиршиликти беккемлеў идеяларын ортаға таслайды. Усы көзқарастан Х.Дәўлетназаровтың «Ғайры журтлардағы қарақалпақларға», «Дүнья жүзи қарақалпақларына» деген қосықларының орны гиреўли. Олардың бириншисинде шайыр былайынша пыған шегеди:

Кимиң ор, кимиңиз түсип қақпанға,
Шығынып ким Иран, кимиң Афғанға,
Тәғдир қолындағы тесик сақпанда,
Хәр яна атылған қарақалпақлар.

…Халқым-аў қашан бир толып тастыңыз,
Көп шайпалып төгилген қарақалпақлар.

Жекке ат шапқанға әрман жырақдур.
Ығбал қоржыны санмың қурақдур,
Ондағы ырысқыңыз «үх» билен «ах» дур,
Үн салып жыласқан қарақалпақлар [6].

Ойлап қарасақ, қарақалпақлар да басқа да түркий халықлары сыяқлы пүткил жер жүзине шашылып кеткен сыяқлы. Бул процессти тек Азия халықлары хәм миллетлериниң тарийхы ғана емес, ал, Европа халықларының раўажланыўы тарийхы менен олардың жер жүзине тарқалыў қубылысы айқын көрсетеди. Демек, елиниң садық перзенти ретинде басқа жақларда жүрген қаналасларымыздың тәғдирине «Ғайры журтлардағы қарақалпақларға» қосығында жанашырлық билдириў - бул, әлбетте, автордың гуманистлик сезимлериниң жоқары дәрежесинен дәрек береди. Усындай ой-сезимлер шайырдың «Дүнья жүзи қарақалпақларына» деген қосығында және де толықтырылып, айқынластырылып берилген.

Бабаңыз ах урып сүйген бир жер бар,
Мәгар зейиниң дым тийген жер бар,
Сизиң дәртиңизден күйген бир жер бар,
Ол ақ шашлы Ана-Қарақалпақстан!

Әўлад хижран торын сөтер, я сөтпес,
Көксиниң дағлары кетер, я кетпес,
Хаўазы сизлерге жетер, я жетпес,
Жар салған бул жер Қарақалпақстан!

…Даўылларда сынған талай шақасы,
Сол Дарақ-сол Ўатан-Қарақалпақстан! [5, 89].

Ҳақыйқатында да, булар өткен әсирдиң басындағы үлкен сиясий-социаллық аўдарыспақтың кесапатынан Ўатан гедайы болып кеткен қарақалпақларға қарата айтылған дурыс сөзлер болып табылады. Өткен коммунистлик идеология менен қызыл империя дәўиринде бул сөзлердиң айтылыўы қыйын, хәттеки, қадаған еди десек, асыра силтеген болмаймыз. Сол себепли де шайырларымыздың усыған уқсаған өзлериниң ойларын ашық айдын айта алыўын тиккелей демократия менен еркинликтиң, гәрезсизликтиң шарапаты деп қараўымыз керек. Усы көзқарастан, Х.Дәўлетназаровтың мынадай деп жазыўында гәрезсизликтиң берген имканияты менен түсиндириўимизге болады:

Ата-бабаң текли, хасыл,
Әй, бирадар! Көтер басың!
Кийиңлер мәртлик липасын,
Халық халықлығын етпек керек!

Мыс қайнасын, музлы болсын,
Мәйли шаңғыт, дузлы болсын…
Заман ийман жүзли болсын,
Тәшўиш торын сөтпек керек [5, 67].

Мине, бул жерде тек ғана халықтың өзин-өзи таныўы, санасының өсиўи жөнинде ғана гәп кетпестен, ал, улыўма адамгершиликли идеялары-әдалатлық пенен ҳақыйқатшыллық туўралы ойлар ортаға тасланбақта. Булар, әлбетте, үлкен социал-жәмийетлик, терең философиялық әхмийетке ийе пикирлер болып табылады.

Шайыр айырым қосықларында халқымыздың тарийхын изертлеў, сана-сезимин өсириў, илимпазларымыздың алдына бираз ўазыйпаларды қойғысы келеди.

Қараңыз:

Адам-Ата менен Хаўа-Енеден,
Бермаған байқаслап көрсетип бедел.
Елди, шөлди, таўды, тоғайды тинтип,
Тарийх! Тарийх!.. Тарийх!.. Ана тарийхты!
…Дәўирлер келеби неше сом орам,
Биресе саратан, биресе боран.

Қай самал ушырды, қай теңиз жутты?
Сораң?.. Сораң?.. Сораң?.. Ағалар, сораң!!!
Өтмиш оты менен тутансын пилтең,
Халқын өзлигине қашшаннан дилтең.
Ақыл көрегенлик тулпарын минип,
Силтең!.. Силтең!.. Силтең!.. Қәлемди силтең!
[5,57].

Ҳәзирги миллий ғәрезсизлик жылларында қәлем ийеси тәрепинен қойылып отырған бул талапларды орынлаў мәселеси мәмлекетлик дәрежеде ортаға қойылмақта. Президентимиз өзиниң бир қатар шығып сөйлеўлери менен китапларында, қол қойған пәрманлары менен түрли-түрли иләжларында, шайыр айтқандай, миллетимиздиң өзин-өзи таныўы, сана-сезиминиң өсиўи, тарийхымыздың ҳәзирги заман талабына сай изертлеў мәселелерин арнаўлы машқалалар сыпатында алға қоймақта. Егер Х.Дәўлетназаровтың жоқарыдағы қосығы 1992-жылы жазылған болса, сол ўақытлардан берли мәмлекетимиздиң жәмийетлик-сиясий, экономикалық ҳәм руўхый—мәдений тараўларында унамлы өзгерислер жүз бермекте. Усы көзқарастан халқымыздың белгили археологы Ғайратдин Хожаниязовқа 2009-жылы Өзбекстан Қаҳарманы атағының берилиўиниң өзи Президентимиз бенен ҳүкиметимиздиң халқымыз тарийхына айрықша дыққатының нәтийжеси деп қаралыўы шәрт. Сонлықтан Х.Дәўлетназаровтың жоқарыда келтирилген қосықларының заманагөйлик әҳмийети, социал—жәмийетлик роли тағы да арта түсетуғынлығы белгили болады.

Шайыр лирикасының және бир айрықша баҳалы тәреплериниң бири оның шығармаларының реализминиң тереңлигинде, ҳақыйқатшыллық ушын гүресшенлик руўхының күшли екенлигинде көринеди. Өйткени, шайыр биз көтермелеп, унамлы баҳалап отырған ғәрезсизлик жылларының кемшиликлери менен әдеп-икрамлық, моральлық салалардағы иллетлерин де жасырмай, оларды тереӊ ҳәм шебер түрде алынған әдебий конфликтлерге айландырып сүўретлейди. Усындай қәсийетлер шайырдың «Ғәрип-Ашық, Шахсәнемлер қаякта?»! «Мениң журегимдей жанбақта заман», «Сирә бир тәшўишсиз болған гезим жоқ», «Яратқан халқыма бир зор бала бер» ҳәм тағы басқа қосықларында күшли жырланған. Олардың барлығына ой-пикирди бериўде өткирлик, дәўир конфликтлерин сәўлелендириўде шеберлик тән болып, бул дөретпелер мәртлик идеяларын улығлаўға хызмет етиўи менен баҳалы.

Қараңыз:
Көкиректен азмаз шығарып ҳәўир,
Сәўир келсе болар деп едик тәўир.
Елдиң тәшўиш жүги кем-кемнен аўыр,
Талмай көтерерлик беллер қаякта?

Кеўиллер хайрана, әрманлар туўлар,
Сезимлер қанаты қайрылған қуўлар.
Қария заманның жүреги суўлар,
Қатықтай уйыған еллер қаякта?...

...Тек сахна төринен бағар әдалат,
Биз шад-коррам жүрген дәмлер қаякта?

...Мөлдиресип баққан көллер қаякта?

Талайлардың кеўил таўлары шөккен,
Ығбал жоққа бермес, бағларға төккен.
Ат минген жигитлер жаяўға ҳөктем,
Теңлермиз деп жүрген теңлер қаякта?.. [5, 44].

Бул қосық қатарларын биз сол дөретпе жүзеге келген 1990-жыллар (қосық 1992-жылы 5-сентябрьде жазылған) менен салыстырып, сол дәўир қарама-қарсылықларын көз алдымызға келтирсек (әлбетте, сол ўақыттағы заманласларымызды нәзерде тутсақ), дурысында да, қыйыншылықлардың жүдә көп болғанлығын ҳеш ким бийкарлай алмайды. Өйткени, социал-жәмийетлик аўдарыспақлар ҳеш ўақытта аңсатлық пенен әмелге асырылмайды. Х.Дәўлетназаров лирикасындағы жоқарыдағыдай қайғылы мотивлер, муң-налыш сезимлери 1990-жыллардың басларындағы өтпели дәўирдиң машақатлы мәўритлери менен байланыслы деп ойлаймыз. Оларды шайырдың жасырмай жырлаўы қәлем ийесиниң ҳақыйқатшыллығынан дерек береди. Бул оның тағы бир «Аббаз шайыр толғанысы» атлы қосығында былайынша берилген:
Қарасаң, бул дүнья-әзелий гәррем,
Пай турар кимге пал, кимге зәҳәрден.
Алғыр туйғын қуслар жулынып пәрден,
Жарғанат жарықтан даў урған заман.

Қайларға барарын билмес балықлар,
Тәғдир қуўғын етип көшер халықлар.
Шадлыққа жарымас пыған-налышлар,
Жәбир шуқыры ҳеш толмаған заман [6, 54-55].

Қараңыз, бул жерде шайырдың лирик қаҳарманы өзиниң жүрек төрин, ҳадалый сезимлери менен өз көрген - билгенлерин жасырмай айтып отыр. Демек, шайырдың лирик қаҳарманы ҳадаллық, шынлық ҳәм пәкликтиң қулы болып есапланады. Расында да сол бир тубалаўшылық жыллары дәўиринде басшыларымыздың жоқарыдан берилген корсетпелер негизинде жуўапкерли лаўазымларға отырыўы себепли көплеген бийбастақлықлар, алжасықлар орын алғанлығы бүгин сыр емес. Дәрья—көллердиң қурып, суўсызлықтың ҳәўиж алыўы да қолдан жасалды, бир неше халықлар: шешенлер, уйғырлар, Қырым татарлары ҳәм тағы басқалар өз мәканларынан көшиўге мәжбүр болды. Соның ушын да шайыр жоқарыдағы қатарлардан соң: «Келте жип гүрмеўге келмей яндырып, кимлердиң арқанын шубалтқан заман», «Түрли гәрдишлериң бар екен, пәлек! Мурғаў-сырғаўланып тарыққан заман» - сыяқлы қатарларын күйип - жанып отырып жазады. Булардың барлығында лирик қаҳарманлардың сезимтал ҳәм ҳақыйқатшыл жүреги тереңнен ашылған.

Шайыр Х.Дәўлетназаров - жаслық дәўир ҳәм муҳаббат ҳаққында жүдә көп жазған ҳәм олар туўралы поэтикалық жақтан сапалы лирикалық

шығармалар дөреткен, нама қосықлары кең жәмийетшиликке таралған шайырларымыздың бири. Әсиресе, оның «Жаслығым, сен мени таслап барасаң», «Егер еслей алсаң...», «Аққуў», «Көзлери кийиктиң көзине мегзер» сыяқлы қосықларын кең жәмийетшилик жаслық ҳәм муҳаббат ҳаққындағы ең жақсы дөретпелер сыпатында қабыл етип, олардын намалары менен қоса ядлап алыўға ерискен. Бул әлбетте, шайырдың жәмийетшилик ортасында жоқары абырайға, ал, оның поэзиясының үлкен халықлық, социал—жәмийетлик белсендиликке ийе екенлигинен дерек береди. Шайырдың жаслық ҳәм муҳаббат ҳаққындағы усыған усаған басқа да лирикалық қосықлары өзиниң ең жақсы сыпатлары: лиризмниң жағымлылығы, терең реализмы, өмир менен тығыз байланысы, инсан тәғдириниң қарама-қарсылықлы мәўритлерин де жанлы штрихлар менен бере алыўшылығы менен айырылып турады.

Шайыр соның менен қатар, жаслық, муҳаббат ҳаққындағы лирикалық қосықларында ҳақыйқат картиналық сүўретлерди сызыў арқалы терең мәнилерди аңлатып, оқыўшыларды эстетикалық жақтан тәрбиялап барыўға үлкен әҳмийет береди.

Улыўма алғанда, Х.Дәўлетназаров қосықларын қайсы темада дөретсе де, айрықша йош, идеялық-тематикалық актуальлық, оқыўшыға эстетикалық заўық бағышлаў ҳәм үлкен поэтикалық шеберлик оның дөретпелериниң ажыралмас белгилери болып табылады. Сол ушын да оның қосықларының социал—жәмийетлик мазмуны үлкен, турмыслық әҳмийети салмақлы, деген пикирге келемиз. Шайыр шығармаларындағы лирикалық қаҳарман болса автор идеясын оқыўшыға жеткериўде орайлық орынды ийелейтуғынлығы анық.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Дәўкараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. I том. Нөкис. Қарақалпақстан. 1978. 28-б.
2. Мақсетов Қ. Тәжимуратов Ә. Қарақалпақ фольклоры. Сабақлық. Нөкис. Қарақалпақстан. 1979. 16-б.
3. Мәмбетов К. Жаслар ҳәм әдебият. // Қарақалпақстан жаслары. 1992. 29-февраль; Оразымбетов Қ. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ әдебияты ҳаққында ойлар. //Еркин Қарақалпақстан. 2008. 25-сентябрь.
4. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис. Қарақалпақстан. 1988; Камалов Қ. Дала бүркити (Әдебий сын мақалалар жыйнағы). Нөкис. Қарақалпақстан. 1989; Есемуратов Г. Шайыр жаныўы керек! //Қарақалпақстан жаслары. 2002. 16-май; Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында көркемлик излениўшилик. Нөкис. Билим. 1992; Усы автор. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис. Билим. 2004; Гайлиева О. Ҳозирги қорақалпоқ шеърриятида оралиқ шаклларнинг жанр ва шаклий хусусиятлари. АКД. Нукус. 2006; Нуржанов П., Сайымова Г. Насрый поэмада қаҳарман характерин жасаўдың өзгешелиги. //ӨзРИАҚБ Хабаршысы. 2010. №1. 81-84-бб.
5. Дәўлетназаров Х. Хош қал, жаслығым. Нөкис. Қарақалпақстан. 1993. 94-б. (Мысаллар усы китаптан алынады, қаўыс ишинде тек бетлери көрсетиледи).
6. Дәўлетназаров Х. Ашық болмаған ким бар. Нөкис. Қарақалпақстан. 1991. 43-б. (Мысаллар усы китаптан алынады, қаўыс ишинде тек бетлери көрсетиледи).


**Originator's attitude and image of lyrical hero**


**Turdibaev K.**

*Karakalpak state university, Nukus*



**SUMMARY**

The study concerns interrelation of the author's attitude with an image of a lyrical hero. This problem is illustrated with lyrics of H.Dawletnazarov. Author's analysis of the poet's lyrical creations during the years of Independence leads to valuable scientific theoretical conclusions. It is important for further researches of modern Karakalpak poetry.


---

# СРАВНЕНИЯ КАК ВАЖНЫЙ ЭЛЕМЕНТ ХУДОЖЕСТВЕННОЙ РЕЧИ

## (на материале романа Т.Каипбергенова "Маман бий әпсанасы")


**Г.Р.Абдалиева**

*Нукусский филиал Ташкентского университета информационных технологий, г. Нукус*



**Резюме**

В статье рассматривается сравнение в каракалпакской художественной прозе как важный элемент языковой изобразительности Анализируется употребление в художественном тексте таких структурных разновидностей сравнения, как сравнительный оборот и сравнение в структуре простого предложения.


Произведения Тулепбергена Каипбергенова широко известны не только узкому кругу ценителей художественной литературы, но и массовому читателю. Он известен как мастер художественного слова, основоположник эпической традиции в относительно молодой каракалпакской прозе.

Язык произведений писателя давно ждет своих исследователей и, на наш взгляд, заслуживает самого пристального внимания языковедов, занимающихся вопросами изучения художественной речи.

Сам Т.Каипбергенов характеризует художественное слово таким образом: "Художественное сло-